



Piblikasyon sa gen ladan enfòmasyon apati 22 septanm 2020.

SEKTÈ ANPLIS YO OTORIZE POU RELOUVRI NAN VIL NEW YORK: Sa Travayè yo Dwe Konnen



- Vil New York nan Faz 4 re-ouvèti a.
- **Apati 30 septanm 2020:**
 - Aktivite manje anndan restoran kapab relouvri nan respè règ estrik yo. Al gade enstriksyon sou re-ouvèti nan dokiman sa a. Li tou [Kesyon Moun Souvo Poze sou Aktivite Manje Anndan nan Vil New York](#) Avoka Majistra a prepare.
 - **Pisin anndan yo kapab relouvri a 33% kapasite yo.**
- Ale sou [nyc.gov/workers](#) pou jwenn mizajou ak enfòmasyon.

Sektè sa yo kapab relouvri nan Vil New York:

- Sèvis manje ak aktivite manje anndan, tankou restoran, etablisman, ak lòt machann/kote yo vann manje (apati 30 septanm)
- Sant komèsyal ak kazino yo (apati 9 septanm)
- Jimnazyòm ak sant espò yo (apati 2 septanm)
- Aktivite aktistik ak amizman anndan ki gen ti risk, tankou mize, sit istorik, akwaryòm, ak lòt aktivite atistik kiltirèl anndan ki gen ti risk (apati 24 out 2020)
- Sal bolin yo (apati 17 out 2020)

Si w ap travay nan yon biznis ki gen asirans, li piblikasyon sa a pou konnen kèk nan egzijans jeneral espesifik pou sektè a patwon w lan dwe respekte. Ou ap jwenn rekòmandasyon detaye sou [forward.ny.gov](#). Ou ka rele 311 tou pou Liy Dirèk pou Pwoteksyon Travayè oswa nan **1-212-436-0381** pou poze kesyon sou re-ouvèti, enstriksyon sante ak sekirite pou espas travay la, oswa pou denonse yon patwon ki pa respekte egzijans re-ouvèti yo.

Egzijans Jeneral Tout Patwon yo Dwe Respekte Lè Yo Ap Re-louvri Biznis yo

Kominikasyon ak Depistaj	<ul style="list-style-type: none">• Afiche yon plan sekirite nan espas travay ou, kote ou ka wè li.• Fòme ou menm ak kòlèg travay ou yo sou pwotokòl sekirite ak ijyèn yo.• Fè yon depistaj sante pou anplwaye yo chak jou epi, lè sa nesesè, depiste lòt moun yo (kontraktè, vandè, kliyan). Patwon w lan dwe voye anplwaye ki malad oswa ki vin malad yo lakay yo.• Afiche pano pou anplwaye yo ak piblik la ki gen enfòmasyon sou pwotokòl sekirite ak pwotokòl ijyèn yo.
Ekipman pwoteksyon	<ul style="list-style-type: none">• Bay oumenm ak kòlèg travay ou yo bagay gratis pou kouvri figi epi bay ranplasman. Patwon w lan dwe fòme ou ak kòlèg travay ou yo sou fason pou itilize, netwaye, ak jete ekipman pwoteksyon an. Patwon w lan dwe asire anplwaye yo mete bagay pou kouvri figi yo lè yo ap kominiye avèk kliyan yo ak lè distans 6 pye ak lòt moun yo pa posib.
Ijyèn, Netwayaj, ak Dezenfeksyon	<ul style="list-style-type: none">• Bay epi kenbe pòs ijyèn men pou pèsonèl la, ki gen ladan lavaj men avèk savon, dlo, ak sèvyèt papye, ansanm ak yon dezenfektan pou men ki abaz alkòl ki gen 60% oswa plis alkòl pou zòn kote yo pa kapab lave men yo.• Netwaye epi dezenfekte regilyèman espas komen yo epi sifas ak bagay moun manyen anpil yo souvan, epi omwen yon fwa chak jou. Nan egzanp yo, genyen manch pòt, ranp, bouton limyè ak twalèt. Patwon an dwe netwaye epi dezenfekte espas ak sifas kliyan ak vizitè yo itilize yo chak fwa yo fin itilize yo.• Limite pataj ekipman ak zouti yo epi netwaye ak dezenfekte yo regilyèman aprè chak itilizasyon. Si li pa posib pou limite pataj la oswa pou netwaye ekipman akoz domaj ekipman an ka sibi, patwon w lan dwe mande pou anplwaye yo mete gan.

Distans Fizik	<ul style="list-style-type: none"> Asire gen yon distans 6 pye (2 mèt) ant moun yo, lè sa posib. Mande kliyan ak vizitè yo pou mete yon bagay pou kouvri figi yo nan tout moman, a kondisyon yo gen plis pase 2 zan epi yo an mezi pou yo tolere bagay pou kouvri figi yo. Afiche pano pou limite kante moun nan ti espas yo, tankou twalèt ak sal repo yo.
----------------------	--

Egzijans pou SÈVIS / AKTIVITE MANJE ANDEDAN

Patwon w lan dwe:

- (*anvan li relouvrì*) Fè verifikasyon ak evalyasyon sistèm kizin lan pre-retou pou li garanti yon anviwònman ki pwòp epi ki san danje.
- Plase yon sistèm filtrasyon lè ki amelyore.
- Limite kantite moun ki anndan an a 25% pou pi plis. *Kapasite maksimòm lan se pou adisyone kantite anplwaye yo ak kliyan yo.*
 - Kèk etablisman dwe limite kantite kliyan yo nan nenpòt espas evènman a mwens pase 50 oswa 25% pou pi plis, nenpòt sa ki mwens lan.
- Mete yon afich anndan ak deyò etablisman an kote pou kliyan yo kapab wè li:
 - kantite maksimòm kliyan yo otorize antre vin manje anndan an a 25%.
 - nimewo telefòn ak nimewo pou voye tèks pou denonse vyolasyon yo:
 - Rele nan (833) 208-4160
 - Voye tèks VYOLASYON ("VIOLATION") bay (855) 904-5036
- Pran tanperati chak kliyan nan pòt la epi anpeche nenpòt ki gen yon tanperati ki gen plis pase 100.0 degre antre.
- Kolekte enfòmasyon—non konplè, nimewo telefòn, ak adres—nan men yon manm nan chak pati pou retrasaj kontak.
- Entèdi sèvis nan ba a.
- Fèmen sèvis manje anndan a minui.
- Itilize pwodui Ajans Pwoteksyon Anviwònman (EPA) Etazini an idantifye kòm pwodui ki efikas kont COVID-19 pou netwayaj ak dezenfeksyon.
- Make aklè distans 6 pye (2 mèt) kote nenpòt liy fòme, tankou twalèt, kote pou yo pran kòmann, oswa fè peman.
- Make antre ak soti apa pou kliyan yo ak anplwaye yo, lè sa posib.
- Limite pataj atiki kizin ak ekipman kizin tankou chodyè ak pwalon oswa mande travayè yo mete gan oswa lave men yo anvan apre yo fin itilize bagay yo.
- Asire w tout anplwaye yo, tankou anplwaye k ap sèvi sou tab yo, suiv kòd sanitè Eta a ak lokal yo. *Anplwaye ki mete gan yo ta dwe ranplase yo souvan ak apre yo fin chanje aktivite. Anplwaye ki pa mete gan yo dwe lave men ou ak savon ak dlo.*
- Ba yo materyèl netwayaj ak materyèl dezenfeksyon pou itilize anvan ak apre yo fin manyen zòn ak sifas pataje yo.
- Itilize ekipman tankou sonnèt pou avèti kliyan yo lè plas yo disponib, si yo kapab netwaye ak dezenfekte ekipman yo apre chak itilizasyon; netwaye ak dezenfekte ki pa jetab, kouvè, bwat sezonnman yo apre chak itilizasyon; oswa bay sezonnman ak kouvè ki jetab.
- (*pla pou pote/livrezon*) Mete pòs ijjèn men pou kliyan ki ap tann manje ak/oswa bwason yo epi asire fenèt/pòt yo louvri pou vantilasyon si se anndan y ap pran/livre manje a.
- Limite epi ranje tab ki andadan ak deyò yo yon fason pou yo 6 pye (2 mèt) distans nan tout direksyon yo. Si espas la pa posib, patwon w lan dwe enstale baryè fizik ki fè omwen 5 pye (1,90 mèt) wotè epi ki pa bloke sòti ijans yo.
- Limite kantite plas sou tab yo a 10 kliyan pou plis ki dwe soti nan menm gwoup menm si yo pa soti nan menm kay. *Yo otorize tab komin yo sèlman si diferan gwoup kapab nan yon distans 6 pye (2 mèt).*

Egzijans pou ETABLISMAN JWÈT AZA / KAZINO YO

Patwon w lan dwe:

- (anvan li relouvr) Fè verifikasyon ak evalyasyon anvan retou sistèm mekanik; dlo, asansè; ak chofaj, vantilasyon, ak klimatizè (HVAC) pou li garanti yon anviwònman ki pwòp epi ki san danje.
- Gen yon sistèm filtrasyon lè ki ap fonksyone a MERV-13 oswa plis. Etablisman ki pa kapab fonksyone nan nivo sa a dwe gen yon HVAC ki sètifye oswa fè yon pwofesyonèl oswa enjenye biling ki gen lisans ki soti nan Sosyete Ameriken pou Chofaj, Refrijerasyon ak Klimatizasyon (American Society of Heating, Refrigerating and Air-Conditioning Engineers, ASHRAE) dokimante enkapasite sa a. Etablisman yo dwe:

- soumet dokiman yo bay Depatman Sante eta oswa vil la, ki gen ladan frè pou pase nan nivo MERV-13 la;
- mande apwobasyon pou fonksyone nan nivo MERV-12 oswa MERV-11, ki se klasman minimòm yo otorize; epi
- adopte pwotokòl vantilasyon ak pwotokòl rediksyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC).

Pwotokòl rediksyon yo gen ladan, men gen toujou:

- louvri fenèt yo nan mezi sa posib;
 - ogmante vantilasyon an ak vantilasyon lè deyò nan mezi sa posib;
 - kenbe sistèm yo ap fonksyone pandan plis èdtan;
 - antretni sistèm ki ogmante distribisyon frechè a;
 - redui oswa elimine lè k ap resikile a nan mezi sa posib;
 - itilize iradyasyon ultravyolè pou touye mikwòb (ultraviolet germicidal irradiation, UVGI) pou dezaktivé patikil viris ki nan lè yo;
 - enstale filtè lè ki pòtab;
 - enspekte regilyèman sistèm ak filtè yo pou asire yo ap fonksyone kòmsadwa; epi
 - fèmen filtè yo pou anpeche lè a detounen
- Limite kantite moun ki anndan an a 25% pou pi plis. *Kapasite maksimòm lan se anplwaye yo ak kliyan yo.*
- Pa kite kliyan yo antre sof si yo mete yon bagay pou kouvri figi yo. Gade Distans Fizik nan seksyon Egzijans Jeneral pou sèl eksepsyon yo. *Kliyan yo ka retire bagay ki kouvri figi yo a nan antre a pou yo verifye idantite yo. Men, yo dwe kenbe yon distans omwen 6 pye (2 mèt) ak lòt moun yo.*
- Asire w kliyan ki nan gwoup diferan yo kenbe 6 pye (2 mèt) distans youn ak lòt sof si sekirite oswa aktivite a mande yon distans ki pi kout.

- Make aklè 6 pye (2 mèt) distans nan zòn anplwaye yo pataje yo tankou sal repo yo ak kote kliyan yo ka rasanble oswa fòme liy tankou zòn kote yo chita yo ak twalèt yo. Fèmen nenpòt chèz oswa machin kote distans 6 pye (2 mèt) la pa posib.
- Itilize pèsonèl sekirite a oswa plis anplwaye pou kontwole kantite kliyan k ap sikile, mete kantite moun maksimòm nan zòn jwèt la pou pèmèt distans fizik la respekte, epi asire kliyan yo pa rasanble oswa frite.
- Fèmen sèvis manje oswa bwason nan zòn jwèt la.
- Entèdi pèfòmans an dirèk yo.
- Enstale baryè fizik ant moun k ap distribiye kat yo ak kliyan yo menm si 6 pye (2 mèt) distans lan pa posib.
- Mete dezenfektan pou men nan tout etablisman jwèt la.
- Netwaye ekipman ki pataje yo apre chak itilizasyon epi rann materyèl netwayaj ak materyèl dezenfeksyon yo disponib pou kliyan yo. Anplwaye yo dwe disponib pou yo netwaye ak dezenfekte ekipman yo ant itilizasyon yo, menm si patwon w lan ka mande kliyan yo netwaye ekipman yo anvan ak apre yo fin itilize yo. Kliyan yo dwe genyen opsyon pou yo mande netwayaj ak dezenfeksyon anvan yo itilize machin yo.
- Rezève espas deyò sal jwèt la yon fason pou anplwaye yo kapab respekte distans sosyal la pandan y ap manje. Moun pa dwe pataje manje ak bwason.
- Limite kantite kliyan nan nenpòt espas evènman a mwens pase 50 oswa 25% pou pi plis, nenpòt sa ki mwens lan. *Kapasite maksimòm lan se anplwaye yo ak lòt kliyan yo.*
- Netwaye epi dezenfekte espas travay ki pataje yo tankou kaj lajan kach chak lè plizyè anplwaye diferan itilize yo.
- Asire ou kliyan yo pa janm manyen kat kliyan yo epi, lè sa posib, rekonfigire jwèt yo pou diminye tan kliyan yo dwe manyen kat yo. Nouvo moun k ap distribiye kat yo dwe ranplase sa ki prale yo nan ananse yo rive olye pou yo "touche".

Egzijans pou Kontè Paryaj Espò:

- Afiche baliz yo pou asire 6 pye (2 mèt) distans ant kliyan ki nan liy pou ale nan kontè a epi enstale yon baryè ant kliyan yo ak aplwaye kontè yo nan suiv enstriksyon sou Sekirite nan Travay ak Administrasyon Sante (Occupational Safety and Health Administration, OSHA).

Egzijans pou Machin Jwèt yo:

- Ranje dyapòt yo ak lòt machin jwèt yo yon fason pou yo 6 pye (2 mèt) distans nan tout direksyon yo. Patwon w lan ka bezwen deplase oswa dezaktive machin yo pou distans sosyal la.
- Netwaye ak dezenfekte machin jwèt yo, kontè djapòt yo, ak lòt bagay yo pataje yo ak ekipman yo omwen chak kat (4) èdtan.

Egzijans pou Jwèt Zo ak Lòt Jwèt san Chèz yo:

- Afiche baliz yo pou pèmèt 6 pye (2 mèt) distans ant kliyan yo epi enstale baryè fizik yo pou separe kliyan yo youn ak lòt sou tab la.

Enpòtan: Kazino yo PA P KAPAB fè jwèt tab yo fonksyone toutotan yo pa enstale baryè fizik ant jwè sou tab yo epi Komisyon Jwèt Eta New York la apwouve baryè yo. Kazino yo dwe ranje tab yo tou pou yo kenbe yon distans 6 pye (2 mèt) ant tab yo.

Lòt Egzijans pou Jwèt Tab Tankou Pokè ak Venteyen:

- (anvan w pase nan nouvo jwè/moun k ap distribiye kat) Netwaye epi dezenfekte (oswa ranplase epi jete yo lè sa posib):
 - zòn kote chèz yo ye;
 - ramp tab jwèt yo;
 - tèt woulèt yo;
 - boul yo;
 - bwat poubwa yo;
 - zo; ak
 - bouton on/off yo.
- Mande kliyan yo itilize dezenfektan pou men anvan yo patisipe nan yon jwèt.
- Netwaye epi dezenfekte (oswa ranplase epi jete yo lè sa posib) machin triyaj yo ak podyòm estann ak pokè yo chak èdtan ak charyò yo, sipò eka venteyen yo, pil defos Baccarat yo, ak sifas jwèt ki di yo chak kat (4) èdtan.
- Retire ti sikui elektwonik yo nan jwèt la apre kliyan fin pèdi oswa remèt yo epi netwaye ak dezenfekte yo anvan ou resikile yo.

Egzijans pou SANT KOMÈSYAL YO

Patwon w lan dwe:

- (*anvan li relouvrí*) Fè verifikasyon ak evalyasyon anvan retou sistèm mekanik; dlo, asansè; ak chofaj, vantilasyon, ak klimatizè (HVAC) pou li garanti yon anviwònman ki pwòp epi ki san danje.
- (**sant komèsyal ki plis pase 800,000 pye**) Gen yon sistèm filtrasyon lè ki ap fonksyone a MERV-13 oswa plis. Etablisman ki pa kapab fonksyone nan nivo sa a dwe gen yon HVAC ki sètifye oswa fè yon pwofesyonèl oswa enjenyè biling ki gen lisans ki soti nan Sosyete Ameriken pou Chofaj, Refrijerasyon ak Klimatizasyon (American Society of Heating, Refrigerating and Air-Conditioning Engineers, ASHRAE) dokimante enkapasite sa a. Etablisman yo dwe:
 - soumèt dokiman yo bay Depatman Sante eta a oswa Vil la;
 - mande apwobasyon pou fonksyone nan nivo MERV-12 oswa MERV-11, ki se klasman minimòm yo otorize; epi
 - adopte pwotokòl vantilasyon ak pwotokòl rediksyon Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC).
- Pwotokòl rediksyon yo gen ladan, men gen toujou:
 - ogmante vantilasyon an ak vantilasyon lè deyò nan mezi sa posib;
 - kenbe sistèm yo ap fonksyone pandan plis èdtan;
 - antretni sistèm ki ogmante distribisyon frechè a;
 - redui oswa elimine lè k ap resikile a nan mezi sa posib;
 - itilize iradyasyon ultravyolè pou touye mikwòb (ultraviolet germicidal irradiation, UVGI) pou dezaktivé patikil virus ki nan lè yo;
 - enstale filtè lè ki pòtab;
 - enspekte regilyèman sistèm ak filtè yo pou asire yo ap fonksyone kòmsadwa; epi
 - fèmen filtè yo pou anpeche lè a detounen
- (**sant komèsyal ki mwens pase 800,000 pye**) Gen yon sistèm filtrasyon lè ki ap fonksyone a MERV-11 men preferans MERV-13 oswa plis jan yon pwofesyonèl HVAC oswa ASHRAE oswa enjenyè biling ki gen lisans sètifye ak dokimante li.
- Limite kantite moun ki anndan an a 50% pou pi plis. *Kapasite maksimòm lan se pou adisyone kantite anplwaye yo ak kantite kliyan yo.*
- Pa kite kliyan yo antre, sof si yo mete yon bagay pou kouvri figi yo. Gade Distans Fizik nan seksyon Egzijans Jeneral pou sèl eksepsyon yo.
- Asire w kliyan ki nan gwoup diferan yo kenbe 6 pye distans youn ak lòt.
- Asire w anplwaye yo mete bagay pou kouvri figi yo lè yo ap kominike avèk kliyan yo epi kliyan yo mete bagay pou kouvri figi yo lè yo nan yon distans ki mwens pase 6 pye youn ak lòt.
- Itilize pèsonèl sekirite a oswa plis anplwaye pou kontwole kantite kliyan k ap sikile epi asire kliyan yo pa rasanble oswa flannen.
- Mete dezenfektan men nan zòn komen yo.
- Fèmen ekipman tankou zòn komen kote moun chita yo, fontèn dlo ak ba ak kànva sèvis lib yo epi sispann sèvis pakin machin yo.
- Suiv "Rekòmandasyon Pwovizwa Depatman Sante Eta New York pou Sèvis Manje pandan Ijans Sante Piblik COVID-19" restoran ki anndan sant komèsyal yo. Sa gen ladan:
 - distans fizik tab yo ak chèz yo;
 - distans sosyal ant gwoup kliyan yo; ak
 - limit sou kantite moun.

Egzijans pou JIMNAZYÒM AK SANT ESPÒ YO

Enstriksyon sa yo aplikab pou aktivite ak etablisman espò yo, tankou men gen toujou:

- jimnazyòm ak sant espò endepandan, ki nan otèl*, nan kay*, nan biwo yo
- jimnazyòm ak sant espò nan enstitisyon ansèyman siperyè yo
- estidyo yoga/Pilat/ba
- jimnazyòm bòks/bòks koutpye
- kan antrènman espò
- CrossFit oswa lòt bòks pliyometri yo
- lòt klas espò an gwoup yo

Remak:

- Pisin anndan yo kapab relouvri 30 Septanm 2020. Men, etablisman kote moun benyen tankou sona, sal vapè, ak pisin cho anndan yo dwe rete fèmen. Gen Rekòmandasyon pou Operatè Pisin yo sou nyc.gov/health.
- Klas espò an gwoup anndan yo gen otorizasyon pou yo relouvri nan Vil New York jiskaske gen nouvèl anons.

*Jimnasyòm ak sant espò ki nan kay oswa otèl yo dwe gen pèsònèl ki disponib pou asire etablisman an suiv enstriksyon yo.

Patwon w lan dwe:

- Pwograme yon enspeksyon Depatman Sante Vil New York anvan oswa nan 14 jou apre re-ouvèti a.
- Gen yon sistèm vantilasyon lè ki ap fonksyone a MERV-13 oswa plis. Etablisman ki pa kapab fonksyone nan nivo sa a dwe fè yon pwofesyonèl chofaj, vantilasyon, ak klimatizasyon (heating, ventilation, and air conditioning, HVAC) dokimante enkapasite sa a epi adopte pwotokòl vantilasyon ak pwotokòl redikasyon anplis ki soti nan Sosyete Ameriken pou Chofaj, Refrijerasyon ak Klimatizasyon (American Society of Heating, Refrigerating and Air-Conditioning Engineers, ASHRAE) ak Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Disease Control and Prevention, CDC).
- Suiv enstriksyon CDC yo pou netwayaj ak dezenfeksyon, epi kenbe rejis ki gen dat, lè, ak pòte netwayaj yo.
- Limite kantite moun ki anndan an a 33% pou pi plis. Sa gen ladan pisin anndan yo. *Kapasite maksimòm lan se pou adisyone kantite anplwaye yo ak kantite kliyan yo.*
- Fèmen toubouyon yo, sona yo, sal vapè yo, ak fontèn dlo yo. *Pòs pou replen boutèy dlo yo ka rete louvri.*
- Fèmen douch kominal yo. Etablisman yo ka bay douch endividiyèl men se sèlman si patwon w lan netwaye ak dezenfekte yo apre chak itilizasyon.
- Entèdi aktivite ki gen pi gwo risk ki gen ladan yo kontak fizik; pa egzanp, karate, bòks.
- Pa kite kliyan yo antre sof si:
 1. *Mete yon bagay pou kouvri figi yo.* Gade Distans Fizik nan seksyon Egzijans Jeneral pou sèl eksepsyón yo. Kliyan ki pa kapab mete yon bagay pou kouvri figi yo akoz pwoblèm sante dwe mete yon ekran pou figi, menm si CDC pa rekòmande li kòm yon bagay ki kapab ranplase bagay pou kouvri figi a.
 2. *Fè yon depistaj sante ki, omwen, mande kliyan yo si yo:*
 - te gen sentòm COVID-19 yo nan 14 jou ki sot pase yo
 - teste pozitif pou COVID-19 nan 14 jou ki sot pase yo
 - te gen kontak sere ak yon moun yo te konfime oswa sisipèk ki gen COVID-19 nan 14 jou ki sot pase yo
 - te vwayaje nan yon eta ki gen gwo risk pandan plis pase 24 èdtan nan 14 jou ki sot pase yo
 3. *Konekte (a distans oswa fas-a-fas) epi bay non konplè, nimewo telefòn, ak adrès pou fè retrasaj kontak. Etablisman an dwe kenbe dosye sa yo pandan 28 jou.*
 - Kenbe yon rejis sou chak moun, tankou anplwaye yo, kliyan yo (jan sa dekri pi wo a), ep, lè sa posib, kontraktè ak vandè yo ki ka te gen kontak ak lòt moun yo epi kenbe dosye yo pandan 28 jou. Rejis la dwe gen enfòmasyon pou pran kontak, tankou non konplè, nimewo telefòn ak adrès.

- Asire w kliyan yo kenbe 6 pye (2 mèt) distans youn ak lòt pandan y ap fè egzèsis.
 - Kote yo fè egzèsis yo dwe omwen nan yon distans 6 pye (2 mèt).
 - Egzèsis kote yon moun ap ede yon lòt moun dwe pi kout posib.
 - Antrenè pèsònèl yo dwe kenbe yon distans 6 pye (2 mèt) lè sa posib, mete bagay pou kouvri figi yo epi evite pataje bagay pèsònèl tankou sèvyèt.
- Limit pataj bagay yo ak touche sifas ki pataje yo, san konte ekipman espò yo. Anplwaye yo dwe dezenfekte oswa lave men yo oswa mete gan lè yo an kontak ak bagay yo pataje yo.
- Netwaye ekipman ki pataje yo apre chak itilizasyon epi rann materyèl netwayaj ak materyèl dezenfeksyon yo disponib pou kliyan yo. Anplwaye yo dwe disponib pou yo netwaye ak dezenfekte ekipman yo ant itilizasyon yo, menm si patwon w lan ka mande kliyan yo netwaye ekipman yo.
- Afiche baliz yo pou pèmèt 6 pye (2 mèt) distans ant nan zòn tankou vestyè yo, twalèt yo, ak sal repo yo.
- Netwaye ak dezenfekte vestyè ak twalèt yo chak de (2) èdtan.
- Suiv enstriksyon Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a pou espò ak Iwazi, komès detay, sèvis manje, biwo ak gadri si etablisman an ofri sèvis sa yo.

Egzijans pou AKTIVITE ATISTIK AK AMIZMAN ANNDAN KI GEN TI RISK YO

Patwon w lan dwe:

- Limite kantite moun ki anndan an a 25% pou pi plis nan yon zòn. *Kapasite maksimòm lan se pou adisyone kantite anplwaye yo ak kantite kliyan yo, ak vizitè yo.*
- Mande kliyan ak vizitè yo achte tikè alavans epi fiksè lè vizit yo pou evite foul moun.
- Ankouraje kliyan ak vizitè yo fè depistaj sante.
- Pa kite kliyan ak vizite yo antre sof si yo mete yon bagay pou kouvri figi yo. Gade Distans Fizik nan seksyon Egzijans Jeneral pou sèl eksepsyón yo.
- Asire w anplwaye yo mete bagay pou kouvri figi yo lè yo ap kominiye avèk kliyan ak vizitè yo epi kliyan ak vizitè yo mete bagay pou kouvri figi yo lè yo nan yon distans ki mwens pase 6 pye (2 mèt) youn ak lòt.
- Asire w kliyan ak vizitè ki nan gwoup diferan yo kenbe 6 pye (2 mèt) distans youn ak lòt. *Lè distans fizik la pa posib—pa egzanp, nan yon kès—tout moun dwe mete yon bagay pou kouvri figi yo.*
- Ranje zòn pou rete tann ak zòn pakin yo yon fason pou kliyan ak vizitè yo nan yon distans 6 pye.
- Itilize tep oswa pano ki gen flèch pou redui sikilasyon apye doub sans nan koridò, koulwa, oswa espas ki jis yo.
- Afiche baliz yo pou pèmèt 6 pye (2 mèt) distans nan zòn ki pataje tankou liy tikè yo, antre asansè yo, devan eksposizyon yo, pòs pou ponntyé antre/soti yo, pòs depistaj sante yo.
- Kontwole flo sikilasyon kliyan ak vizitè. Pou eksposizyon nan yon ti zòn, patwon w lan dwe kalkile kapasite maksimòm lan pou pèmèt distans fizik la epi fè respekte kapasite maksimòm lan. *Patwon w lan ka oblige mete plis anplwaye nan zòn sa yo pou li fè respekte kantite maksimòm moun ki ka rasanble.*
- Limite vizit an gwoup yo ak moun menm gwoup yo epi asire gwoup total la mwens pase kapasite maksimòm lan ki gen ladan tou anplwaye ak lòt kliyan ak vizitè yo.
- Fèmen eksposizyon kote gen fwotman ki gen gwo risk yo.
- Fèmen eksposizyon pou timoun yo ak espas jwèt timoun yo sof si patwon w lan kapab netwaye ak dezenfekte eksposizyon an ak ekipman yo ant chak timoun nan yon kay oswa gwoup diferan.
- Mete dezenfektan men nan zòn komen yo— pa egzanp, eksposizyon yo.
- Sispenn kontinye kask nan zòrèy ak lòt ekipman yo prete kliyan ak vizitè yo. Si w pa kapab bay kat yo ka itilize yon sèl fwa, asire w netwaye ak dezenfekte kat yo apre chak itilizasyon.

Egzijans pou SAL BOLIN YO

Patwon w lan dwe:

- Limite kantite moun ki anndan an a 50% pou pi plis.
Kapasite maksimòm lan se pou adisyone kantite anplwaye yo ak kantite kliyan yo/jwè yo/espektatè yo.
- Asire w anplwaye nan biwo anrejistreman/randevou yo kenbe yon distans 6 pye (2 mèt) sof si gen yon baryè fizik tankou Plexiglas.
- Asire w anplwaye yo mete yon bagay pou kouvri yo lè y ap kominiye ak kliyan yo/jwè yo/espektatè yo.
- Make aklè 6 pye (2 mèt) distans nan zòn anplwaye yo pataje yo, tankou sal repo yo ak kote nenpòt liy publik fòme, ki gen ladan kote pou prete ekipman ak kès yo.
- Fèmen nenpòt lòt liy bolin oswa enstale baryè fizik ant liy yo pou asire w gen omwen 6 pye (2 mèt) distans ant gwoup kliyan/jwè diferan yo, pandan jwèt la.
- Asire w kliyan yo/jwè yo rete nan pwòp gwoup pa yo nan liy yo ba yo a.
- Byen netwaye ak dezenfekte nenpòt ekipman yo lwe oswa pataje tankou boul ak tenis bolin yo ant chak itilizasyon.
- Asire w kantite kliyan/jwè pou nenpòt evènman mwens passe kapasite maksimòm ki gen ladan tou anplwaye yo ak lòt kliyan/jwè/espektatè yo.
- Entèdi sèvis manje ak bwason.